АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

ЦОЛЪИ

№27 (9915)

РУЗМАН

10 июль 2020 сон

19 ЗУЛЬ-КЪАГIИДА 1441 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

ТIидиб лъадал мухъ рагьана

«Дир Дагъистан» абурал рагIабаз дагъистаниязул ракIазе гьабула батIияб асар. Цебе чIола Расул ХIамзатовасул киназего къиматаб тIехь. Гьеб къокъаб «Дир Дагъистан» абураб цIаралъ жаниб бачун буго кIудияб кIвар цIикIкIараб хIалтIи. Дагъистаналъул бетIерасул буюрухъалда рекъон, тIолго республикаялдаго унел руго «Дир Дагъистан – дир лъим», ««Дир Дагъистан-дир нухал», «Комфортная городская среда» ва цогидал проектал.

Нилъер районалдаги руго цо чанго гьединаб проект гIумруялде бахъинабулеб.

«Дир Дагъистан – дир лъим» проекталда рекъон, дагьал церегIан къояз ТIидиб росулъ рагьана цIияб лъадал мухъ. ДРялъул Росдал магIишаталъул министерствоялъул кумекалдалъун гьарурал хIалтIаби лъугIун, гьенисан лъим жамагIаталъе чваххизе байбихьун букIана араб соналъул ахиралда.

ТIидиб ккола Шамил районалъул бищун кIудиял росабазул цояб, гьениб гIумру гьабун буго азаргоялдаса цIикIкIун чияс. ТIидиб рагьараб лъадал мухъ нилъер районалда ккола тIоцебесеблъун.

9.9 км халалъи бугеб цIияб лъадал мухъалъ байбихьи лъуна ЧIарада, Шамил ва Гъуниб районалъул гIорхъода. Гьел хIалтIабазе биччан букIана 26,2 млн. гъур..

5 июналда тIобитIана лъадал мухъ рагьиялъул официалияб тадбир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул Правительствоялъул Председателасул заместитель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас, районалъул бетIер МухIамад ХIасановас ва Дагсельхозстроялъул нухмалъулесул ишал тIуралев ГьитIиномухIамад ГIабдулаевас.

Тадбир рагьулаго МухIамад ХIасановас бицана «Дир Дагъистан» проектал рагIалде рахъинаризе Дагъистаналъул бетIер В. Васильевас гьабулеб бугеб квербакъиялъул.

ГI. ГIабдулмуслимовас жиндир иргаялда баркала загьир гьабуна районалъул бетIерасе батIи-батIиял проектазда рекъон гьарулел хIалтIабазе кIвар гьабиялъухъ ва гьезулъ гIахьаллъиялъухъ. Гьединго гьес лъикIаб къимат кьуна МухIамад ХIасановас лъадал мухъ балелъул гьабураб тIадчIеялъе.

Гьарулел хIалтIабазе кIудияб жамгIияб жигарчилъи бихьизабуна тIолго гьидерил росабазул жамагIатазги. Къваригаралъур гъункун, гьарулел хIалтIаби рагIалде рахъинаризе цолъи бихьизабуна гьез. Гьелъухъ районалъул бетIерас ва росдал бегавул ХIусен ХIусеновас кIудияб баркала загьир гьабуна жамагIатазе. «Цогидазе мисалалъе росулеллъун ратанин гьидерил жамагIат» - ин тIаде жубана «Дагсельхозстроялъул» нухмалъулесул ишал тIуралев Гь. ГIабдулаевасги.

РачIарал гьалбал чIорого риччалеб гIадат гьечIелъул магIарулазул, ТIидиб росдал жамагIаталъги Правительствоялъул Председателасул заместителасе гьабуна ракIалде щвеялъе сайгъат. Тадбиралъе ахир лъуна росдал имамас жамагIаталъе ва тIаде рачIарал гьалбазе дугIа гьабияллъдалъун. «Бищун Аллагьасе рокьулеллъун ккола гIадамазе хайир бугел» - абун тIадеги жубана гьес.

Гьадинал рохалилал данделъаби ва цIиял, росабазул жамагIатазе хайир цIикIкIарал, гьечIого гIоларел объектал рагьи даимаблъун лъугьаги нилъер районалда ва тIолго Дагъистаналда.

ГIайшат НУРМУХIАМАДОВА

■ БАРКАЛА

Хириял районцоял! 1 июлалда Россиялда тIобитIана Конституциялда гьарурал хиса – басиязда бан тIобитIулеб тадбир.

Щивав чиясда тIадаб буго пачалихъалъул аслияб къанун – Конституциялда гьарурал хиса-басиялги лъазаризе ва гьелъул рахъалъ жидерго пикру загьир гьабун гьаракь кьезе. Абизе ккола гражданинасул гьеб жавабчилъи нилъер районцояз кIваркьун тIубазабунилан.

Районалъул тIолабго жамагIаталъул 90,02% избирателаз гIахьаллъи гьабуна гьеб референдумалда. Гьезул цIикIкIунисез Конституциялда гьарурал хиса – басиязул рахъги ккуна. ХIукуматалъул букIинеселъул кьучI щула гьабулеб тадбиралда гIахьаллъиялъ нилъер районцояз загьир гьабуна ВатIаналде рокьи, метерисеб къоялъул жидеца пикру гьабулеб букIин.

Коронавирусалъул пандемиялъ дунялалдаго лъугьинабураб ахIвал-хIалалъ гIемерал хиса-басиял ккезаруна чIахIи-чIахIиял улкабазулги гIумруялъул тартибалъулъ. Гьединлъидал нилъер улкаялдаги гIадатлъун билъараб гуреб ахIвал-хIалалда тIобитIизе ккана гьеб, кIудияб кIваралъул тадбирги. Анкьица халат бахъана Конституциялда гьарурал хиса – басиязда бан тIобитIулеб референдум. Щибаб избирателазул участокалда Роспотребнадзоралъул тIалабазда рекъон, цIакъ мухIканго, гьаб заманалъул низамалда рекъон гIуцIун, щибго тохлъи биччачIого тIубазабуна комиссияз жидерго хIалтIи.

Конституциялда гьарурал хиса – басияз нилъер улкаялда социалиябгун экономикияб рахъалъ лъикIал хIасилал кьеялда божула дун.

Баркала, районцоял, референдумалъул кIварги бичIчIун, нужеца бихьизабураб жавабчилъиялъухъ, гьенир гIахьаллъизе бахъараб хIаракаталъухъ.

«Единая Россия" партиялъул отделениялъул секретарь, Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ

■ ЛЪАЗАБИ

ЦIуне рохьал цIадудаса!

ХIурматиял районцоял! Лъалеб букIахъе, рохь ккола жамгIияб бечелъилъун. ТIаде щвана риидалил заман. Синоптиказул баяназда рекъон, исанасеб рии букIине бегьула бакъвараб ва багIарараб. Риидалил заманаялъ рохьоре хIухьбахъиялъе хьвадула хъизан-лъималгун гIемер гIадамал. Щибаб соналъ ургъел гьечIого бакун тараб цIаялъ рухIула рохьал.

Гьедин тIалаб гьечIого бакараб цIаялъ гьабула кIудияб зарал рохь, хур, хералъе ва гьединго гIемераб рухIчIаголъиялъе. Цогидаб жо абичIого, бухIараб харил кьибил букIараб хIалалъ цIилъизе, тIабигIат хIалтIизе ккола 7-8 соналъ. ГъветI- рохь цIилъизе бала анцI-анцI сон. ЦIаялъул хIасилалда, хола ракьулъ ругел гъветI-хералъе хIажатал, пайдаял, ракь беэн гьабулел нигIматал, гьединго гъветI- хералъе пайдаял хIапараби ва майданал. Гьединго рухIула хIайванал, хIанчIазул бусаби, ханал.

Гьал ахирал соназ, хасго, цIикIкIун бицунебги абулебги хъвалебги буго сверухъ бугеб тIабигIат, гьелъул бечелъи, берцинлъи цIунизе ккеялъул ва гьеб хвезабиялъ инсанасеги, чIагоябщиналъеги гьабулеб бугеб заралалъул, лъугьинабулеб бугеб хIинкъиялъул хIакъалъулъ. Инсанасул сахлъи щулалъизабиялъеги, гьесул гIумру халат гьабиялъеги ва гIемераб цогицогидалъеги рохьазул букIунеб кIварги, квербакъиги инсанасда лъалеб батила.

Рохьазул бечелъи цIуни, гьел гIатIид гьари, гьездасан битIун пайда боси ккола рохьил магIишаталъул гуребги, щивав чиясда тIадаб борч.

(Ахир 3 гьум.)

■ РЕШЕНИЕ 2020

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА «ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»

Р Е Ш Е Н И Е

от «_30 __» июня 2020г. **№_27/3_**

О внесении и изменении и дополнений
в Устав муниципального образования «Шамильский район»

С целью приведения Устава муниципального образования «Шамильский район» в соответствие с федеральным законодательством, Собрание депутатов муниципального района «Шамильский район», Решило:

I. Внести в Устав муниципального района «Шамильский район» следующие изменения и дополнения:

1. пункт 5 части 1 статьи 8 признать утратившим силу;

2. пункт 3 части 1 статьи 26 изложить в следующей редакции:

«3) в случае преобразования муниципального района, осуществляемого в соответствии с частями 3.1-1, 4, 6 статьи 13 Федерального закона от 06.10.2003г. №131-ФЗ, а также в случае упразднения муниципального района;»;

3. часть 3 статьи 27 дополнить новым абзацем следующего содержания:

«Депутату Собрания депутатов для осуществления своих полномочий на непостоянной основе гарантируется сохранение места работы (должности) на период, продолжительность которого устанавливается законом Республики Дагестан. В случае, если законом Республики Дагестан не предусмотрено фиксированное количество рабочих дней такого периода, то продолжительностью такого периода считается максимальное количество рабочих дней, предусмотренных законом Республики Дагестан.»;

4. часть 8 статьи 27 изложить в следующей редакции:

«8. Осуществляющий свои полномочия на постоянной основе депутат Собрания депутатов муниципального района не вправе:

1) заниматься предпринимательской деятельностью лично или через доверенных лиц;

2) участвовать в управлении коммерческой или некоммерческой организацией, за исключением следующих случаев:

а) участие на безвозмездной основе в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участие в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости;

б) участие на безвозмездной основе в управлении некоммерческой организацией (кроме участия в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участия в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости) с предварительным уведомлением Главы РД в порядке, установленном законом РД;

в) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в Совете муниципальных образований РД, иных объед=инениях муниципальных образований, а также в их органах управления;

г) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в органах управления и ревизионной комиссии организации, учредителем (акционером, участником) которой является муниципальный район, в соответствии с муниципальными правовыми актами, определяющими порядок осуществления от имени муниципального района полномочий учредителя организации либо порядок управления находящимися в муниципальной собственности акциями (долями в уставном капитале);

д) иные случаи, предусмотренные федеральными законами;

3) заниматься иной оплачиваемой деятельностью, за исключением преподавательской, научной и иной творческой деятельности. При этом преподавательская, научная и иная творческая деятельность не может финансироваться исключительно за счет средств иностранных государств, международных и иностранных организаций, иностранных граждан и лиц без гражданства, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации;

4) входить в состав органов управления, попечительских или наблюдательных советов, иных органов иностранных некоммерческих неправительственных организаций и действующих на территории Российской Федерации их структурных подразделений, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации.»;

5. часть 9 статьи 27 изложить в следующей редакции:

«9. Депутат Собрания депутатов муниципального района, иное лицо, замещающее муниципальную должность, должны соблюдать ограничения, запреты, исполнять обязанности, которые установлены Федеральным законом от 25 декабря 2008 года №273-ФЗ "О противодействии коррупции", Федеральным законом от 3 декабря 2012 года № 230-ФЗ "О контроле за соответствием расходов лиц, замещающих государственные должности, и иных лиц их доходам", Федеральным законом от 7 мая 2013 года №79-ФЗ "О запрете отдельным категориям лиц открывать и иметь счета (вклады), хранить наличные денежные средства и ценности в иностранных банках, расположенных за пределами территории Российской Федерации, владеть и (или) пользоваться иностранными финансовыми инструментами», если иное не предусмотрено Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ.»;

6. часть 7 статьи 29 изложить в следующей редакции:

«7. Осуществляющий свои полномочия на постоянной основе, Глава муниципального района не вправе:

1) заниматься предпринимательской деятельностью лично или через доверенных лиц;

2) участвовать в управлении коммерческой или некоммерческой организацией, за исключением следующих случаев:

а) участие на безвозмездной основе в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участие в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости;

б) участие на безвозмездной основе в управлении некоммерческой организацией (кроме участия в управлении политической партией, органом профессионального союза, в том числе выборным органом первичной профсоюзной организации, созданной в органе местного самоуправления, аппарате избирательной комиссии муниципального района, участия в съезде (конференции) или общем собрании иной общественной организации, жилищного, жилищно-строительного, гаражного кооперативов, товарищества собственников недвижимости) с предварительным уведомлением Главы РД в порядке, установленном законом РД;

в) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в Совете муниципальных образований РД, иных объединениях муниципальных образований, а также в их органах управления;

г) представление на безвозмездной основе интересов муниципального района в органах управления и ревизионной комиссии организации, учредителем (акционером, участником) которой является муниципальный район, в соответствии с муниципальными правовыми актами, определяющими порядок осуществления от имени муниципального района полномочий учредителя организации либо порядок управления находящимися в муниципальной собственности акциями (долями в уставном капитале);

д) иные случаи, предусмотренные федеральными законами;

3) заниматься иной оплачиваемой деятельностью, за исключением преподавательской, научной и иной творческой деятельности. При этом преподавательская, научная и иная творческая деятельность не может финансироваться исключительно за счет средств иностранных государств, международных и иностранных организаций, иностранных граждан и лиц без гражданства, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации;

4) входить в состав органов управления, попечительских или наблюдательных советов, иных органов иностранных некоммерческих неправительственных организаций и действующих на территории Российской Федерации их структурных подразделений, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации или законодательством Российской Федерации.»;

7. часть 8 статьи 29 дополнить словами «, если иное не предусмотрено Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ»;

8. пункт 12 части 1 статьи 31 изложить в следующей редакции:

«12) в случае преобразования муниципального района, осуществляемого в соответствии с частями 3.1-1, 4, 6 статьи 13 Федерального закона от 06.10.2003г. №131-ФЗ, а также в случае упразднения муниципального района;»;

II. Главе муниципального образования «Шамильский район»:

1) представить настоящее решение на государственную регистрацию в Управление Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан;

2) в течение семи дней со дня поступления настоящего решения из Управления Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан после его государственной регистрации, официально опубликовать настоящее решение;

3) в течение десяти дней со дня официального опубликования настоящего решения направить в регистрирующий орган сведения об источнике и дате официального опубликования.

III. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования, произведенного после его государственной регистрации.

Глава муниципального района **Председатель Собрания депутатов**

М.И. Гасанов **М.К. Хизроев**

■ ИНФОРМАЦИЯ

О проведении независимой оценки качества условий оказания услуг
организациями социального обслуживания Республики Дагестан в 2020году

В соответствии с Федеральным законом от 5 декабря 2017 года №392- ФЗ « О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации по вопросам совершенствования проведения независимой оценки качества условий оказания услуг организациями в сфере культуры, охраны здоровья, образования, социального обслуживания и федеральными учреждениями медико-социальной экспертизы» и постановлением Правительства Республики Дагестан от 13 августа 2015 года №239 « О независимой оценке качества оказания услуг организациями в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования» Министерством труда и социального развития Республики Дагестан проводится работа по созданию условий для проведения независимой оценки качества условий оказания услуг организациями социального обслуживания.

Независимая оценка качества условий оказания услуг организациями социального обслуживания является одной из форм общественного контроля и проводится в целях предоставления получателям социальных услуг информации о качестве условий оказания услуг организациями социального обслуживания, а также в целях повышения качества их деятельности.

Независимая оценка качества условий оказания услуг организациями социального обслуживания предусматривает оценку условий оказания услуг по таким общим критериям, как открытость и доступность информации об организации социального обслуживания; комфортность условий предоставления социальных услуг, в том числе время ожидания предоставления услуг; доброжелательность, вежливость работников организации социального обслуживания; удовлетворенность качеством условий оказания услуг, а также доступность услуг для инвалидов.

В целях создания условий для проведения независимой оценки качества Минтруд РД информирует граждан о возможности принять участие в 2020 году в независимой оценке качества и высказать свое мнение о качестве условий оказания услуг в сфере социального обслуживания Республики Дагестан, заполнив интерактивную анкету (оставить отзыв, пожелание) на официальном сайте Министерства труда и социального развития Республики Дагестан (www.dagmintrud.ru).

Граждане также могут принять участие в анкетировании при проведении мониторинга качества условий оказания услуг организацией- оператором в организациях социального обслуживания, в отношении которых проводится независимая оценка качества в 2020 году.

(Продолжение на 4 стр.)

■ ЛЪАЗАБИ

(Байбихьи 1 гьум.)

Россиялъул хIукуматалъул къануназдa бихьизабун буго изну гьечIого цIа бакун бакъвараб хер бухIани, административияб тамихIалде цIазе ва рохьобе цIа унеб хIал ккани, гIайибчиясе кьвараб тамихI гьабизе.

Административияб кодексалъул 8.32 ст. рекъон тIад къотIула 1500 ялдаса- 5000 гъурущалде щвезегIан, хъулухъчиясда 7000-50-азарго гъурущалде щвезегIан.

Уголовияб Кодексалъул 261 ст. рекъон инсанасул гIайибалда цIа рекIун, цIа рохьобе анани, бахъула гIакIа 200-азаргоялдаса- 3 миллион гъурущалде щвезегIан, ялъуни 1-8 соналде щвезегIан туснахъ гьавизе бегьула.

Гьединго цIаял раки гьукъизе тIад къан буго росабазул администрациябазда, полициялда ва тIабигIат цIуниялъул гIуцIабазда.

ХIурматиял районцоял, цIалдохъаби, умумул, цойги нухалъ лъикIаб хIалалъ балагье нилъедаго сверухъ бугеб тIабигIаталде. Унго гьелъул берцинлъи, чIухIи, беричлъи, бечелъи. РачIа цIунилин, цIигьабилин гьеб къиматаб хазина. Гьелъухъ нилъее жибго тIабигIаталъги бецIун лъугIулареб баркала кьела. Нилъедаса наслабиги чIухIила. Умумузул хIалги бохила. РачIа нилъги рукIинин умумузе ритIухъал ирсилаллъун, тIабигIаталъул гьудулзабилъун, район берцин гьабиялъе квербакъулел гьалмагъзабилъун.

МегIер- гIалахалда цIа рекIараб бакI бихьани, ахIе гьал номеразде;

88722940104; 88001009400;

ва лъазе гьабе нужеда гIагарда вугев рохьил хIалтIухъанасда.

Гьари буго районцоязде, магъилъ, гIалхуда ва рохьоб цIаял ракиялдаса инкар гьабеян. Гьединго кIвар гьечIез цIаял ракулел рихьани, гьел ракунгутIиялъе ва свинариялъе хIалтIи гьабеян.

ГКУ «Советское лесничество»
МЕСЕЛОВ М.Ч.

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

ЕГЭ байбихьана

Россиялъул киналго 11 класс лъугIаразе байбихьана ЕГЭялъул аслияб бутIа. Исана коронавирусалъул унти багъарун школазда цIали март моцIалдаса нахъе, бухьеналъул кумекалдалъун манзилалда тIобитIана. Гьелда бан ЕГЭ кьеялъул болжал нахъе рахъун рукIана. Гьединго ЕГЭ кьезе рачIуна гIицIго ВУЗазде цIализе лъугьунел.

Дагъистаналъул аграрияб университеталъул профессор Нариман ЖабрагIилов

ТIоцебесеб ЕГЭ цIалдохъабаз кьуна 3 июлалда. География, информатика, литература тIаса бищарал БежтIа участокалъул, ЛъаратIа, ЦIунтIа, Шамил районалъул 30 цIалдохъан вакIарана ХIебда №311 ППЭялда. Экзаменал тIоритIиялъул шартIал рукIана тIоцебесеб иргаялда Роспотребнадзоралъ чIезарурал санитариял нормаби цIуниялда хурхун. Школалъул азбаралда рихьизарун руго 1,5 метра гьоркьоб манзил тун лъимал нахъа чIезе мухъал. Школалъул кIалтIа чIезарун рукIана лъималазда хъваларедухъ температура борцине медициналъул хIалтIухъаби. Жанире лъугьунаго щивасе кьолеб букIана лъел шиша, къваригIаразе маскаби ва квердаххелал. Щивав ЕГЭялъул хIалтIухъанасда тIадаблъун бихьизабуна маскаби ва квердаххелал рукIине. Щибаб классалда ва школалъул кIалтIа чIезарун руго санитайзерал. ЕГЭялда халгьабизе рачIун рукIана ДГТУялъул, ДГМУялъул преподавателал ва федералиял жамгIиял халгьабулел. ТIоцебесеб ЕГЭ тIобитIана щибго квал-квал ккечIого.

6 июлалда тIобитIана аслиязул цояблъун бугеб гIурус мацIалъул экзамен. Гьеб кьезе рачIана нилъер районалъул 115 цIалдохъан. Гьединал экзаменазда захIмалъизехъин буго санитариял тIалабал цIунизе. Лъималазда цадахъ эбел-эмен ХIебда школалда аскIоб бугеб территориялде ракIари, лъикIаб гьечIеблъи киназдаго бичIчIулеб гьечIо. Лъимал экзаменалде щвезари тIадаб буго школазул нухмалъулезда, хасгьабун лъайкьеялъул отделалъ чIезабураб низамалда рекъон.

ГIурус мацIалъул ЕГЭ тIобитIулаго, школалда чIезабун бугеб тартибалъухъ ва экзаменалъул низамалъухъ халкквезе ячIана ДРялъул Обрнадзоралъул нухмалъулей Ибрагьимова Гулейбат Шамилхановна.

-Жакъад гIурус мацIалъул ЕГЭ ана Роспотребнадзоралъул киналго тIалабал цIунун. РукIана цо-цо организаторал санитариял цIуна-къай гьабиялъул тасамахIлъи биччалел. Гьединазда дица ракIалде щвезабуна лъималазе цIунакъай гьаби тIоцебесеб шартI букIин. Киналго цIалдохъабазул борцана температура, санитайзераз кверал рацIцIана. ЕГЭялъул низам хвезабурал, экзаменалдаса лъимер нахъе битIараб хIужжа ккечIо. Риидалил багIариялъги тату хвезабулеб буго цIалдохъабазул, амма тIолго улкаялда цого тIалабал руго киназего. Байбихьудасаго кинабго дурусго букIунаро, ккарал гIисинал гъалатIазда тIад хIалтIизе малъа-хъваял гьаруна дица,- ян баян кьуна экзамен лъугIидал Гулейбат Ибрагьимовалъ.

ЖабрагIилов Нариман МухIамадович, Дагъистаналъул аграрияб университеталъул профессор: «Жакъа ниж ритIун рукIана Шамил районалде ГЭКалъул членал хIисабалда, гIурус мацIалъул Пачалихъияб аттестация тIобитIизе. 4 июлалда дун ва автодорожный институталъул преподаватель Закир МурадгIалиев щун рукIана техникаялъул хIадурлъиялъул халгьабизе. Халгьабиялъ бихьизабуна ХIебда школа экзамен тIобитIиялъе хIадурун букIин. Роспотребнадзоралъул тIалабал цIунун лъимал экзаменалде риччана, организаторалгун гьабуна лъикIаб инструктаж. Киназдаго бичIчIизабуна экзамен хвезабизе бегьунгутIи, организаторазухъ ва цIалдохъабазухъ экзаменалда гъукъарал техникаялъул ва бухьеналъул алатал цадахъ росизе бегьулареллъи. Экзамен байбихьана ва лъугIана жиндир заманалда. Жакъад экзамен кьолев вукIана сахлъиялъул сакъатлъи бугев цо цIалдохъан, гьесие тIалабалда рекъон хасаб аудитория бихьизабуна ва цIикIкIун заман кьуна. Экзамен тIобитIулеб команда букIана лъикI хIадурараб, техникаялъул гIунгутIаби къокъабго заманалда лъугIизаруна. Гьарула киналго цIалдохъабазе лъикIал баллал ва анищ бугеб ВУЗалде цIализе рорчIизе икъбал»

Экзаменазда гьединго гIахьаллъана Астраханалъул ва Дагъистаналъул Университетаздаса федералиял жамгIиял халгьабулел. Гьез киназго кIудияб къимат кьуна тIобитIараб экзаменалъе.

Исана цIалул сон лъугIигун, тIолалго школазул цIалдохъабаз жидеего щвараб лъайги бажариги хIалтIизабун, кинаб букIаниги «къватIисеб кумекги» руго цIалдохъабазе.



ДРялъул Обрнадзоралъул нухмалъулей Гулейбат Ибрагьимова

ГьечIого кьуна гIурус мацIалъул ЕГЭ. Цо-цоял божулелцин гьечIо исана коронавирус букIиналда бан, ЕГЭ кьварун букIине бугилан абиялда. Гьединазул хьулал хIорго хутIизе руго.



Федералиял жамгIиял халгьабулел

«БатIи-батIияб гIилла сабаблъун, аслияб заманалда ЕГЭ кьезе рес ккечIел цIалдохъабаз экзаменал кьезе руго цогидаб мехалда. Масала, экзамен кьолеб къоялда унтун вукIун ватани, цIалдохъанас бихьизабизе ккола тохтурас кьураб кагъат (справка).

Гьелго къоязда экзамен кьезе буго тIасарищарал экзаменал цадахъ ккарал цIалдохъабазги. Масала, биологиялъулги историялъулги экзамен тIасабищарав цIалдохъанасухъа кIиябго кьун бажариларо, гьел цо къоялъ рукIиналда бан. Гьединлъидал, цо экзамен кьезе буго аслияб заманалда, кIиабилеб – цогидаб къоялъ. ТIасабищараб экзаменалъухъ лъикIал баллал щвечIони, гьеб кIиабизеги кьезе ихтияр щола тIасияб соналда.

- Экзаменалда щварал баллазда рази гьечIезе рес буго аппелляциялде кьезе. Исана гьеб тIобитIизе буго ХIебда школалда видеосвязалъул кумекалдалъун. ГIуцIун буго хасаб комиссия аппелляция тIобитIиялъе кумек гьабизе. Щибаб школалъул нухмалъулесда лъазабун буго гьелъул тартиб. ГIурус мацIалъул экзаменалъул хIасилал 20 июлалдаса кватIичIого лъала, - ян баян кьуна ЕГЭялъул муниципалияв координатор, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Иляс ХIусейновас.

Давуд ДАВУДОВ

■ ИНФОРМАЦИЯ

О проведении независимой оценки качества условий оказания услуг организациями социального обслуживания Республики Дагестан в 2020году

(Начало на 2 стр.)

В 2020 году решением общественного совета при Министерстве труда и социального развития Республики Дагестан запланировано проведение независимой оценки качества в отношении 20 организаций социального обслуживания, перечень которых размещен на сайте bus.gov.ru и на официальном сайте Министерства труда социального развития Республики Дагестан (www.dagmintrud.ru) в специально созданном разделе «Независимая система оценка качества».

Общественным советом осуществляется мониторинг общественного мнения о качестве условий оказания услуг организациями социального обслуживания Республики Дагестан, результаты которого обрабатываются и используются, в том числе при составлении независимого рейтинга таких организаций.

На этапе проведения мониторинга качества условий оказания услуг, организацией- оператором, как уже было отмечено, будет осуществлен сбор, обобщение и анализ информации о качестве условий оказания услуг организациями социального обслуживания, в том числе посредством опроса получателей услуг (общественного мнения), анализа мнений экспертов и открытых источников информации, сбор первичных данных и их обработка в соответствии с разработанными методами и методиками.

После завершения данного этапа Общественным советом будет сформирован рейтинг организаций социального обслуживания, а также подготовлены рекомендации по улучшению качества работы организаций социального обслуживания.

С учетом рекомендаций Общественного совета по улучшению качества условий оказания услуг организаций социального обслуживания, утверждаются планы мероприятий по устранению нарушений, выявленных в ходе независимой оценки качества в 2020году.

Следует отметить, что результаты независимой оценки качества с 2018 года представляются ежегодно на рассмотрение в Народное Собрание Республики Дагестан в форме публичного отчета Главы Республики Дагестан, который рассматривается с участием представителей Общественной палаты Республики Дагестан и общественных советов по независимой оценке качества в сфере культуры, охраны здоровья, образования, социального обслуживания.

По результатам рассмотрения данного отчета Народным Собранием Республики Дагестан принимается решение, содержащее рекомендации Главе Республики Дагестан по улучшению работы соответствующих организаций.

Обязательный публичный отчет Главы Республики Дагестан о результатах независимой оценки качества условий оказания услуг организациями в сфере культуры, охраны здоровья, образования, социального обслуживания, которые расположены на территории Республики Дагестан, за 2019 год размещен на сайте bus.gov.ru и на официальном сайте Минтруда РД (www.dagmintrud.ru) в специально созданном разделе «Независимая система оценки качества».

Министерство труда и социального развития Республики Дагестан

■ КОНТЕНТ ПО РАДИОФОБИИ

Контент по нейтрализации последствий раадиофобии на территории Республики Дагестан

Базовая станция действительно является источником излучении, но электромагнитного излучения. Ведь основной элемент работы БС – это приемопередающая радиосигнал антенна. Такие же электромагнитные волны в процессе работы исходят от многих бытовых приборов – микроволновой печи, радионяни, радиоприемника, того же самого мобильного телефона, которым пользуется 99% взрослого населения всего земного шара. Но микроволной печи никто не боится, а БС боятся, хотя последние излучают в разы меньше. Так, микроволновая печь, разогревая на завтрак кашу, показывает все 750-800 Вт, а действующая БС – 20 Вт. При соблюдении правил эксплуатации ни вышки сотовой связи, ни микроволновка не причинят вреда нашему здоровью – исследования Всемирной организации здравоохранения это не единожды подтверждали.

Вопреки уверениям анонимных экспертов, сегодня ни в Дагестане, ни в одной из республик Северного Кавказа, ни в каком другом регионе России не строятся базовые станции стандарта 5G. Этот стандарт сейчас не развивается в России, потому что законодательно Правительством РФ еще не принято решение о выделении радиочастот для 5G.

Для того, чтобы у людей была возможность пользоваться мобильным интернетом и звонить по мобильному телефону, в Дагестане операторы строят базовые станции второго, третьего и четвертого поколения связи. Что же касается опасений по поводу возможного вреда для здоровья от оборудования сотовых сетей, то они не содержат под собой реальных оснований. В России максимально допустимый уровень воздействия электромагнитного поля на человека по действующему СанПиН в полосах сотовой связи составляет 10 мкВт на квадратный сантиметр тела. Для сравнения – в ряде стран Скандинавии норма на порядок выше — это 100 микроватт на кв. см. При этом скандинавские страны находятся в лидерах рейтингов здоровья населения и уровня экономического развития.

Когда человек звонит с мобильного телефона, то его телефон посылает радиосигнал. Обычное оконное стекло снижает мощность радиосигнала вдвое. А железобетонная стена или крыша вашего дома — почти в тридцать раз. Базовая станция на соседнем или вашем доме ничем, кроме качественной связи в вашем районе, вам не грозит.

Работа БС – это всегда излучение, пусть и электромагнитное.Излучение – это перенос электромагнитной энергии, которая действительно может воздействовать на все, что находится вокруг, в том числе, и на людей. Есть, однако, несколько важных обстоятельств. Базовая станция – она как прожектор, не «светит» во все стороны и совсем не излучает вверх и вниз. Лучи от нее расходятся под небольшим углом к земле, почти параллельно ей, чтобы обеспечить максимальное покрытие. «Вышка» на школе не задевает своим излучением ни тех, кто внутри, ни тех, кто близко к зданию. Именно поэтому закон не запрещает ставить базовые станции на крыше школ и других зданий, а также на высоких столбах - конкретное место все операторы выбирают из стремления создать максимально качественное покрытие.

К размещению базовых станций в нашей стране предъявляются очень ж□сткие требования, и обойти их невозможно: в процессе задействовано несколько контролирующих госорганизаций, а требования выставляются десятками нормативных федеральных документов.

Зачем устанавливать так много БС – чем больше на территории базовых станций и чем ближе они стоят друг к другу, тем более безопасны звонки с мобильного телефона. Потому, что при слабом сигнале телефон выходит на максимальную мощность работы своего передатчика, непрерывно посылая запрос на поиск связи. Поэтому, чем ближе к человеку расположена БС, тем меньше сил телефон тратит на подключение к сети и, соответственно, тем ниже уровень испускаемого им электромагнитного излучения.

Люди жалуются на установку БС, но намного больше жалоб приходит о перебоях со связью или полном отсутствии сотовой связи из-за недостатка базовых станций в том или ином районе.

Оператор владеет базовой станцией, а зданием владеет кто-то еще — все операторы арендуют у владельца место под свое оборудование. Владелец может получить жалобу, и не одну. Один из способов уладить вопрос — отказать оператору в аренде. Это не значит, что сама жалоба была обоснована. Владелец, в чем его трудно упрекнуть, исходит из своих интересов.При этом целый квартал может остаться вне зоны хорошего покрытия, и те самые жители, которые жаловались, в какой-то момент не смогут по мобильному телефону вызвать врача или пожарных, или принять важный звонок с работы. На наш взгляд, больше вреда в убранной базовой станции, чем в поставленной.

Строительство БС – это необходимость. Это, в первую очередь, дешевая и доступная связь, которой, кстати сказать, в условиях горной местности нет альтернативы. Благодаря БС мы можем вызывать экстренные оперативные службы спасения по единому бесплатному номеру «112». Его всегда можно набрать даже при заблокированной клавиатуре и отрицательном балансе. Также БС дают нам возможность пользоваться интернетом и получать с его помощью массу преимуществ в повседневной жизни.

Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

ЦОЛЪИ

БЕТІЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТІУРАЛЕЙ

П.Ш. МухІамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГІ. НурмухІамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитІинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухІамадов.

НАБОР
М. ГьитІиномухІамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГІисаевалъул

Газета гІуцІарал: Муниципалияб гІуцІи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана "ЦІияб канлъи" ва "БагІараб цІва" абурал цІаразда гъоркь.

Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета къабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватІисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-І къватІ, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун дандекколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХІебда росу Имам Шамилил къватІ
№ 50